**दिन–मंगलवार** **दिनांक–02.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता प्रेम कुमार अठारहम बिहार विधानसभाक अध्यक्ष चुनल गेलाह अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी श्री कुमार के नामक प्रस्ताव राखलनि। जकर अनुमोदन संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी कयलनि। एकर बाद प्रोटेम स्पीकर नरेन्द्र नारायण यादव विधानसभा अध्यक्ष पद पर प्रेम कुमार के निर्विरोध निर्वाचनक घोषणा कलयनि। निर्विरोध निर्वाचनक घोषणाक बाद मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ राजद विधायक दल के नेता तेजस्वी प्रसाद यादव परम्पराक अनुसार विधानसभा अध्यक्ष के आसन धरि लऽ गेलाह। मुख्यमंत्री प्रेम कुमारक राजनीतिक जीवनक चर्चा करैत हुनक निर्विरोध निर्वाचनक लेल बधाई और शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे प्रेम कुमारक संसदीय अनुभव बहुत बेसी अछि जकर सदन के लाभ भेटत।

उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा तथा संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी प्रेम कुमारक निर्विरोध निर्वाचन पर बधाई दैत कहलनि जे हुनक नेतृत्व में सदन संसदीय परम्परा के नव मानक स्थापित करत। राजद विधायक दल के नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे हुनका आशा अछि जे विधानसभा अध्यक्ष सत्ता पक्ष आ विपक्ष दुनू के संग लऽकऽ चलताह। कांग्रेस, हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चा, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास, राष्ट्रीय लोक मोर्चा, भाकपा–माले, सीपीआई आ एआईएमआईएम के सदस्य लोकनि विधानसभा अध्यक्ष चुनल गेलाह पर प्रेम कुमार के बधाई आ शुभकामना देलनि। विधानसभा अध्यक्ष पदक लेल निर्विरोध निर्वाचन पर प्रेम कुमार सभ सदस्य के धन्यवाद दैत कहलनि जे ओ सदस्य लोकनिक आकांक्षा के पूरा करबाक भरिसक प्रयास करताह। प्रेम कुमार लगातार नवम बेर विधानसभा के सदस्य चुनल गेलाह अछि। ओ गया शहरी क्षेत्रक प्रतिनिधित्व करैत छथि। ओ एनडीए सरकार में विभिन्न मंत्रालयक सेहो कार्यभार सम्हारलनि अछि।

एम्हर, आई विधानसभाक कार्यवाही शुरू भेलाक बाद प्रोटेम स्पीकर नरेन्द्र नारायण यादव पांच सदस्य– मदन सहनी, जीवेश कुमार, विनय बिहारी, केदारनाथ सिंह आ डॉक्टर सुनील कुमार के शपथ दियौलनि। ओतहि अनंत कुमार सिंह आ अमरेन्द्र कुमार पांडेय सदन मे उपस्थित नहि हेबाक कारण शपथ नहि लऽ सकलाह।

——————————————————————

मतदाता सूची के विशेष गहन पुनरीक्षण–एसआईआरक मुद्दा पर गतिरोध जारी रहबाक कारण संसदक दुनू सदन लोकसभा आ राज्यसभाक कार्यवाही काल्हि धरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल। लोकसभाक़ कार्यवाही पहिने बारह बजे, पुनः दुपहर दु बजे आ फेर दिनभरि के लेल स्थगित कयल गेल। ओतहि राज्यसभाक कार्यवाही दुपहर दू बजे धरिक लेल आ ओकर बाद सदनक कार्यवाही काल्हि धरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल।

——————————————————————

केन्द्र सरकार पीएम किसान योजना के प्रारंभ सँ एखन धरि एकैस किस्त के माध्यम सँ चारि लाख करोड़ टाका सँ बेसी के वितरण कयलक अछि। एहि योजनाक अंतर्गत प्रति वर्ष छओ हजार टाका के वित्तीय लाभ तीन समान किस्त मे हस्तांतरित कयल जायत अछि। कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान आइ लोकसभा में लिखित उत्तर मे ई जनतब देलनि।

——————————————————————

संचार मंत्री ज्योतिरादित्य सिंधिया कहलनि अछि जे साइबर धोखाधरिक लेल दूर संचार संसाधनक दुरूपयोग के रोकबाक आ साइबर सुरक्षा सुनिश्चित करबाक उद्देश्य सँ संचार साथी एप आनल गेल अछि। श्री सिंधिया संसद भवनक बाहर प्रत्रकार लोकनि सँ वार्ता करैत कहलनि जे एहि एप के कियो गोटे अपन मोबाईल फोन सँ हटा सकैत छथि।

——————————————————————

निगरानी जांच ब्यूरोक टीम किशनगंज सदर प्रखंडक राजस्व कर्मचारी राजदीप पासवान के अढ़ाई लाख टाका रिश्वत लैत रंगेहाथ गिरफ्तार कयलक अछि। ई गिरफ्तारी किशनगंज प्रखंड कार्यालय के लऽग स्थित एक होटल सँ भेल अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार गिरफ्तार राजस्व कर्मचारी शिकायतकर्ता सँ जमीनक नापी के लेल घूस लऽ रहल छल।

——————————————————————

बोधगया मे आई सँ बीसम अंतर्राष्ट्रीय त्रिपिटक पाठ शुरू भऽ गेल अछि। भारत मे पहिल बेर एहि समारोहक आयोजन भऽ रहल अछि। सत्रह भारतीय बौद्ध संगठनक तत्वावधान मे आयोजित ई समारोह बारह दिसम्बर धरि चलत। हमर संवाददाता जनौलनि जे केन्द्रीय संस्कृति आ पर्यटन मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत महाबोधि मंदिर मे मुख्य समारोहक उद्घाटन करताह।

———————————————————

प्रदेशभरि मे उच्चतम आ न्यूनतम तापमान लगातार कम–बेसी भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे दस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमान के संग समस्तीपुर राज्यक सभ सँ ठंढा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला बहत्तरि घंटाक अंतर्गत न्यूनतम तापमानम मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस के कमी आबि सकैत अछि।

———————————————————

अररिया जिलाक चौकता पंचायत मे आगि लागि गेला सँ पाँच घर जरि कऽ नष्ट भऽ गेल। अगिलग्गी के घटना मे लाखो टाकाक मूल्यक संपत्ति के नोकसान भेल अछि।

———————————————————

पर्यावरण वन आ जलवायु परिवर्तन विभागक दिस सँ सहरसा जिला मे कोसी नदी तटबंधक भीतर शीतकालीन जलपक्षी गणना कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल अछि। एखन धरि सत्तरि प्रजातिक पक्षी सभक पहचान भेल अछि।

———————————————————

समाप्त भेल।